

Kous Obstak Pati 1

Mo Espasyal

Jwè 1-4



Laj 4+




10-15 min

OBJEKTIF


- Timoun yo aprann epi pratike mo espasyal yo
- Kreye kous obstak la

MATERYÈL



Nenpòt mwayèn-a-gwo atik (pa egzanp, bwat, mèb)



Youn “objè mistè” (pa egzanp, jwèt, liv)



Chwazi oubyen kreye Kat Mo Espasyal yo



VOKABILÈ

Anlè

Nan

Atravè

Anba

Atravè

Alantou

Ant

Anndan

Dèyè

KESYON

Èske ou ka pase anlè?

Èske ou ka pase anba?

Èske ou ka pase alantou?

Èske ou ka antre anndan?

KÒMAN POU JWE

1. Fè yon espas pou kous obstak la sou antè a, nan koulwa a, oubyen deyò.

2. Ranje bagay yo pou kous obstak la an yon chemen. Si ou vle: sèvi ak riban metrik, makè ki ka lave, oswa baton pou make chemen kous obstak la.

3. Kache “objè mistè” a nan fen kous obstak la.

Di, “Mwen kreye yon kous obstak! Mwen kache yon objè mistè nan fen an. Ou ka chwazi kat ki di w sa pou w fè sou kous obstak la. Nan fen an ou ka jwenn objè mistè a. Men anvan, ann pratike mo espasyal nou yo.”

4. Chwazi yon bagay (pa egzanp, yon zòrye) nan kous la pou itilize lè w ap pratike mo espasyal yo.

Kenbe kat la “anlè” epi di, “Ki sa ou panse kat sa a vle di? Kat sa a vle di ou sote **anlè** yon bagay! Èske ou ka montre m kijan pou w sote anlè zòrye a?” Tann timoun nan montre w **kijan pou w fini**.



5. Apre sa, pratike rès mo espasyal yo. Montre chak kat espasyal epi tann timoun yo fè demonstrasyon direksyon ki endike a.



“Èske ou ka montre m kijan pou pase **anba** zòrye a?”

“Èske ou ka montre m kijan pou pase **alantou** zòrye a?”

“Èske ou ka montre m ki kote pou m antre **anndan** zòrye a?”

6. Kite timoun yo montre kreyativite yo nan fason yo modelize chak kat (pa egzanp, glise **anba** zòrye a atè a tankou yon koulèv, fouye ranbouraj zòrye a pou montre **anndan** l, elatriye). Yon fwa timoun yo fin pratike chak mo espasyal, ale nan **Pati 2 nan Kous Obstak la: Kous la!**

KONSÈY POU JWE

- Ou kapab jwe jwèt sa a tou lè w kreye yon mini kous obstak ak ti objè tankou jwèt, liv, oswa rad. Olye pou timoun yo fè pakou kous la poukont yo, yo ka gide yon ti estati oswa yon bèt jwèt nan pakou kous la pou jwenn objè mistè a. Jwe fason sa a ekonomize espas epi li ka pèmèt plis timoun jwe an menm tan.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Konpetans espasyal antsipe predi siksè timoun yo pita nan syans, enjenyeri, teknoloji ak matematik.
- Langaj espasyal ede nou dekri ki kote bagay yo (oswa moun) ye nan espas: eseye itilize mo tankou anwo, anba, ant, akote, ozalantou, anwo ak anba lè w ap dekri kote yon moun oswa yon objè ye!
- Tande, aprann, epi itilize langaj espasyal ede timoun yo devlope konpetans espasyal yo bezwen nan lekòl primè.

SIJÈ MATEMATIK

Relasyon Espasyal

Mezi

VIDEYO



Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijàn w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Kous Obstak Pati 1*.

Kous Obstak 2

Kous la

Jwè 1-4



Laj 4+



10-15 min

OBJEKTIF

Timoun yo itilize langaj espasyal pou deplase nan yon kous obstak.

MATERYÈL


Nenpòt mwayèn-a-gwo atik (pa egzanp, bwat, mèb)



Youn “objè mistè” (pa egzanp, jwèt, liv)



Kat Mo Espasyal



VOKABILÈ

Anlè

Anba

Alantou

Anndan

KESYON

Ki jan ou te fè konnen ki kote pou pase?

Èske ou ka dekri chemen ou te pase a?

KÒMAN POU JWE

1. Kreye pakou **Kous Obstak Pati 1** an avèk “objè mistè” a kache nan pwen final la.
2. Di, “Kounye a li lè pou ou pase nan pakou kous obstak la!” Gen

yon objè mistè nan fen kous obstak la pou ou jwenn. Ou ka chwazi kijan pou w deplase nan kous obstak la lè w chwazi yon kat espasyal nan chak etap.

3. Fè timoun nan pwoche toupre premye objè nan kous obstak la. Lonje kat espasyal yo bay yo epi mande timoun nan pou l chwazi yon kat. Timoun nan ap franchi obstak yo dapre mo espasyal yo.

“Ou chwazi **alantou**! Èske ou ka montre m kijan pou w pase **alantou** chèz la?”



4. Yon fwa timoun nan fin fè mouvman ki sou kat espasyal la, fè l ale nan pwochen etap kous obstak la. Nan chak etap ki rete, fè timoun nan chwazi yon kat mo espasyal epi fè pakou etap la dapre kat la.
5. Nan dènye etap la, fè timoun nan chèche epi rekipere objè mistè a. Mande,



“Ki kote objè mistè a te ye? Èske li te **anndan**, **akote**, oubyen **ant**? Èske ou ka dekri pakou ou nan kous obstak la avèk mo espasyal?”

Nòt : Ou ka ede timoun yo lè w poze yo kesyon tankou, “Èske ou te sote **anlè** oswa **anba** zòrye a?”

6. Yon fwa tout timoun yo fin fè yon tou nan kous obstak la, ale nan **Kous Obstak Pati 3: Kat la!**

KONSÈY POU JWE

- Timoun yo ka itilize kat mo espasyal yo plis pase yon fwa oubyen yo pa itilize yo ditou. Nan nenpòt ka, ankouraje yo pou yo pale sou kijan y ap deplase nan kous obstak la.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Tande, aprann, epi itilize langaj espasyal ede timoun yo devlope konpetans espasyal yo bezwen nan lekòl primè ak apre.
- Lè timoun yo di mo espasyal epi yo fè demonstrasyon mouvman espasyal, y ap pratike ni matematik yo ni konpetans langaj yo.
- Sèvi ak deskripsyon espasyal ki pi difisil pandan timoun yo ap prepare. Pa egzanp, sèvi ak plizyè mo espasyal nan menm fraz la: “Èske ou ka ranmase chosèt la? Li **anba** tab ki **bò** fenèt la.”

MATH TOPICS

Relasyon Espasyal

Mezi

VIDEYO



Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Kous Obstak Pati 2*.

Kous Obstak 3

Kat la

Jwè 1-6



Laj 4+



15-20 min

OBJEKTIF


Desine yon kat kous obstak ou a.

MATERYÈL

Materyèl atistik



Kat mo espasyal yo



VOKABILÈ

Kat
Kous
Chemen

KESYON


Kijan ou te fè konnen ki kote sou papyè w la pou trase sa?
Èske ou ka dekri kat ou a?

KÒMAN POU JWE



1. Asire w ke pakou **Kous Obstak Pati 1** an toujou pare.

Nòt: Si ou pa t kapab fè yon gwo kous obstak, ou ka toujou fè aktivite katografi a! Jis kreye yon mini kous obstak atè a oswa sou tab la avèk ti estati, blòk, kiyè, oswa lòt ti objè.

2. Fè timoun yo gade tout kous obstak la a yon distans 1-2 pye. Di, "Ou fini kous obstak la! Kounye a, èske ou ka desine yon kat kous obstak la sou papyè? Yon fwa ou fin desine kat ou a, nou pral sèvi avè l pou ede nou fè pakou kous la yon dènye fwa."



3. Timoun yo ka itilize kat espasyal yo pou dekri pakou yo nan kous la. Sijere yo trase liy oswa flèch sou papyè yo pou montre chemen yo a.



4. Finalman, fè timoun yo sèvi ak kat yo pou yo mache nan kous obstak la. Nan chak etap, ankouraje timoun yo pou yo sèvi ak langaj espasyal pou dekri etap la (pa egzanp, “**Kounye a ou nan chèz la. Ki kote kat ou a di pou ou pase?**”).

KONSÈY POU JWE

- Desine yon kat mande anpil pratik ak eksperyans. Kite timoun yo fè eksperyans sa a san yo pa ede yo twòp. Oframezi timoun yo ap fè plis eksperyans, ou ka pale avèk yo sou fè yon plan pou kat yo a anvan yo kòmanse desine.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Kreye kat se yon konpetans enpòtan pou timoun preskolè yo pratike! Ede timoun yo aprann kisa kat ye lè w montre yo kat yo nan arè bis, nan magazen ak nan pak yo. Pandan w ap mache, ede timoun yo wè kijan objè ak repè ki devan yo koresponn ak pwèn sou yon kat.

- Lè timoun yo kreye pwòp kat yo, y ap reprezante mond 3D yo a nan yon imaj 2D. Sa ede yo devlope konpetans rezonman espasyal. Ankouraje yo pou yo kontinye pratike!

SIJÈ MATEMATIK

Relasyon Espasyal

Mezi

VIDEYO



Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijàn w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Kous Obstak Pati 3*.